दिन—मंगलवार दिनांक—26.03.2024

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

संपूर्ण प्रदेशक कतेको क्षेत्र मे आइयो रंगक पावनि होली उल्लास आ उमंगक संग मानाओल जा रहल अछि। होलीक पर्व समानता आ भाईचाराक संदेश दैत अछि। लोक सभ मे होली के लऽकऽ विशेष उत्साह देखल जा रहल अछि। लोक राग आ फागक खुमार मे डूबि गेल छथि। सवेरे सँ लोक सभ एक दोसर के रंग लगौलनि आ दूपहर बाद सँ अबीर आ गुलाल लगाकऽ एक दोसर के शुभकामना संग बधाई दऽ रहल छथि। एहि अवसर पर विशेष रूप सँ गाओल जायवला फगुआक गीत वातावरण मे विशेष उत्साह भरि रहल अछि। जिला मुख्याल सभ सँ हमर संवाददाता लोकनि संवाद देलनि अछि जे पूरा माहौल होलीमय भेल अछि। हमर दरभंगा संवाददाता जनौलनि अछि जे जिला मे लोक सभक टोली डंफा, ढोल, झालि आ मजीराक संग फाग आ जोगीरा गाबिकऽ होली मना रहल छथि। खगड़िया संवाददाता कहलनि अछि जे होलीक हुड़दंग गांव सँ शहर धरि पसरल अछि। समस्तीपुर संवाददाता कहलनि अछि जे जिला मे होली गीतक संग लोक एक दोसर के बधाई दऽ रहल छथि। आनोआन जिला सँ शांतिपूर्ण माहौल मे होली मनेबाक संवाद प्राप्त भेल अछि।

---

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू, उपराष्ट्रपति जगदीप धनखड़, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार प्रदेशवासी लोकनि के होलीक शुभकामना देलनि अछि। राष्ट्रपति कहलनि अछि जे होली खुशीक पर्व अछि जे जीवन मे उत्साह आ उम्मीद लबैत अछि। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी सेहो देशवासी लोकनि के होलीक शुभकामना दैत उम्मीद व्यक्त कयलनि जे होली सभक जीवन मे नव ऊर्जा आ उत्साहक संचार करत। राज्यपाल कहलनि जे होली असत्य पर सत्य आ दुराचार पर सदाचारक विजय केर पर्व अछि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार अपन संदेश मे कहलनि जे असत्य, अहंकार आ पाखंड पर सत्य के विजय पर्वक रूप मे होली मनाओल जाइत अछि। उपमुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा आ सम्राट चौधरी, विधानसभा अध्यक्ष नन्दकिशोर यादव, विधान परिषदक सभापति देवेशचंद्र ठाकुर, विपक्षक नेता तेजस्वी प्रसाद यादव, कांग्रेसक प्रदेश अध्यक्ष

अखिलेश प्रसाद सिंह आ राजदक प्रदेश अध्यक्ष जगदानन्द सिंह समेत आनो गणमान्य लोक होलीक अवसर पर प्रदेशवासी के शुभकामना देलनि अछि।

———————————————————————————

प्रदेश मे लोकसभा चुनावक पहिल चरण लेल एखन धरि कुल दस उम्मीदवार नामांकन पत्र भरलनि अछि। एहि मे छओ उम्मीदवार औरंगाबाद सँ, तीन गया सँ आ एक नवादा निर्वाचन क्षेत्र सँ छथि। एहि मे औरंगाबाद सँ भाजपाक उम्मीदवार सुशील कुमार सिंह आ नवादा निर्वाचन क्षेत्र सँ राष्ट्रीय जनता दलक श्रवण कुमार सेहो सम्मिलित छथि। जमुई सीट सँ एखन धरि कोनो उम्मीदवार नामांकन पर्चा नहि भरलनि अछि। विदित अछि जे प्रदेश मे पहिल चरण मे गया, नवादा, औरंगाबाद आ जमुई सीट पर भोट खसाओल जायत। पहिल चरण लेल एहि मासक अट्ठाईस तारीख धरि नामांकन पत्र दाखिल कयल जा सकैत अछि।

———————————————————————————

विपक्षी महागठबंधन मे सीटक बंटवाराक समझौता के एखन धरि अंतिम रूप नहि देल जयबाक कारणे घटक दलक नेता लोकनि असहज महसूस कऽ रहल छथि। प्रदेश मे लोकसभाक पहिल चरण लेल नामांकन पत्र भरबाक प्रक्रिया मे आब अड़तालीस घंटा सँ कम समय रहि गेल अछि। मुदा, राष्ट्रीय जनता दल, कांग्रेस आ वाम दलक नेता तथा कार्यकर्त्ता लोकनि मिलि कऽ चुनाव प्रचार करबाक संबंध मे अनिर्णयक स्थिति मे छथि। जखनकि, राजद अपन कतेको पार्टी उम्मीदवार के चुनाव चिन्ह आवंटित कऽ देलक अछि। राजद प्रमुख लालू प्रसाद दस सँ बेसी प्रत्याशी के चुनाव चिन्ह दऽ चुकल छथि। पूर्णिया लोकसभा सीट के लऽकऽ सेहो विवाद उत्पन्न भेल अछि। एहि सीट सँ राजद पूर्व मंत्री आ जदयू छोड़ि कऽ आयल बीमा भारती के चुनाव मे उतारबाक तैयारी कऽ रहल अछि, जखनकि कांग्रेस नेता आ पूर्व सांसद पप्पू यादव सेहो पूर्णिया सीट सँ अपन दावेदारी कऽ रहल छथि। अधिकारिक घोषणा सँ पहिने चुनाव चिन्ह बाटल जयबा पर कांग्रेस राजदक निर्णय पर आपत्ति कऽ चुकल अछि।

———————————————————————————

चुनाव आयोग सी–विजिल ऐपक माध्यमे चुनाव प्रक्रिया पर नजरि राखि रहल अछि। ई ऐप आदर्श आचार संहिताक उल्लंघनक मामिलाक रिकॉर्डिंग, रिपोर्टिंग आ समाधान लेल अछि। एहि ऐपक माध्यमे आदर्श आचार संहिताक उल्लंघनक फोटो, वीडियो आदि लऽकऽ शिकायत कयल जा सकैत अछि। दोसर दिस आयोग आगामी लोकसभा आ विधानसभा चुनाव मे पर्यावरणक दृष्टि सँ अनुकूल चुनाव प्रक्रिया के सेहो बढ़ावा दऽ रहल अछि। आयोग चुनाव

मशीनरी आ राजनीतिक दल के मतदाता सूची आ चुनावी सामग्री के लऽकऽ कागजक उपयोग कम–सँ–कम करबाक निर्देश जारी कयने अछि।

————————————————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।